# AWIL XOJALIǴI TÁLIM BAǴDARI STUDENTLERINE INGLIS TILIN CLIL TEXNOLOGIYASI TIYKARINDA ÚYRETIW

**J.S.Nuratdinova** – *tayanısh doktorant*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** CLIL texnologiyasi, kasbiy kommunikativ ko‘nikmalar, zamonaviy yondashuvlar, yakka va guruhli to‘dalarda o‘qitish, ikki tildagi ta'lim

**Ключевые слова:** технологии CLIL, коммуникативные навыки, современные навыки, индивидуальное и групповое чтение, билингвальное обучение.

**Key words:** CLIL technology, communication skill, modern skills, individual, group, bilingual education.

Búgingi globallasıw dáwirinde dúnyada túrli mámleketler arasında óz-ara ekonomikalıq, mádeniy, siyasiy hám awıl xojalıǵı tarawlarında keń túrde xalıq aralıq baylanıslar ámelge asırılmaqta. Sol sebepten awıl xojalıǵı tálim baǵdarlarına qánigelesken joqarı oqıw orınlarında da shet tiline ásirese inglis tiline bolǵan talap kúnnen kúnge artpaqta. Tálim sistemasınıń barlıq basqıshlarında sapalı tálim beriw, globallasıw dáwirinde básekige shıdamlı kadrlardı tárbiyalaw, búgingi kúnniń eń aktual máseleleriniń biri bolıp tabıladı. Bilimlendiriw processinde tálim alıwshılarda zamanagóy kónlikpelerdi qáliplestiriw mexanizmin islep shıǵıw, xalıq aralıq tiykarında ámeldegi metodikalardı jańalaw zárúrligi artpaqta.

Zamanagóy kónlikpeler retinde úyrenilip atırǵan shet tilin paydalana alıwǵa qaratılǵan jańa usıllar hám metodlardı jaratıw ilimiy izleniwshilerdiń aldına qoyılıp atırǵan tiykarǵı talap hám wazıypalardan biri bolıp tabıladı. Zamanagóy kónlikpeler shet tilin úyreniw hám shet tilinen paydalanıwdı biliw, túsiniw, sóylew, eslep qalıw hám oy-pikirin ayqın jetkiziwdiń alternativ hám variativ usılların anıqlaw tálim nátiyjeliligin asırıwdıń zárúrli faktorı bolıp esaplanadı.

Búgingi kúnde zamanagóy kónlikpe hám bilimlerdi iyelewde dúnyanıń aldıńǵı hám tájiriybeden ótken usılların milliy oqıtıw sistemasına usınıw ámelde unamlı nátiyje bermekte. Inglis tilin zamanagóy texnologiyalar tiykarında úyretiwde qanday usıl yamasa metodta alıp barmasın, sapa hám nátiyjege xızmet etiwi zárúr.

Dúnya júzlik Evropa CEFR talapları tiykarında studentlerge shet tillerdi úyretiwdiń pedagogikalıq mexanizmlerin jetilistiriw, oqıtıw mazmunı, tálim texnologiyaları, qadaǵalaw obektivligin kúsheytiw, auditoriya hám auditoriyadan tısqarı óz betinshe tálimdi shólkemlestiriw hám basqada mexanizmleri úyretiliwi kerek [1].

Sońǵı waqıtları CLIL dep atalıwshı termin shet tilin úyretiwshi pedagogikalıq texnologiyanıń eń keń tarqalǵan texnologiyalardıń biri retinde talabalardıń shet tilin biliw til kónlikpelerin arnawlı pánlerdi, yaǵnıy qánigelik pánlerdi oqıtıw processinde qollanıw, inglis tilinde mazmun, mádeniyat hám biliw processlerin súwretlew ushın isletiledi. Sonday sapalı mexanizmlerden biri CLIL (Content and Language Integrated Learning) texnologiyası bolıp tabıladı, yaǵnıy CLIL texnologiyası - eki tildi birge úyretiwdi ámelge asırıw mexanizmi bolıp, tálim alıwshı ob'ektlerde, yaǵnıy úyreniwshi óz ana tili (L1) menen birgelikte shet tildi (L2) úyreniw imkaniyatın beredi. *CLIL sóziniń mánisi - content bul « mazmunı (tema boyınsha)» bolsa, language - «til», integrated- «integraciya, baylanıslılıq», learning-«úyreniw» degen túsinikti ańlatadı. CLIL texnologiyası uyreniletuǵın jańa temanı, tarawdı, pándi shet tilde, yaǵnıy inglis tilinde úyreniwdi usınıs etedi.*

Mazmun hám tildi integraciya etip úyreniw termini (Content and Language Integrated Learning-CLIL) dáslep finlyandiyalı alım Devid Marsh (David Marsh) tárepinen 1994 jılda qollanılǵan. D.Marshtıń pikirine kóre "integraciya etilgen pándi tildi oqıtıw (CLIL) túsinigi pánler yamasa bunday pánler sheńberinde oqıtıw inglis tilinde alıp barılǵanda bul jerde: bul kásiplik pániniń mazmunın úyreniw hám bir waqıttıń ózinde shet tildi úyreniw sıyaqlı eki maqsetke erisiw názerde tutıladı.

CLIL teoriyaları onıń pikirine kóre, eki tildi biliw nátiyjesinde jaratılǵan bolıp oqıw processinde, studenttiń ulıwma biliw procesi, sonıń menen birge, onıń motivaciyası hám qızıǵıwshılıǵı asırıladı. Zamanagóy tálim principleri tiykarında islengen CLIL - bul studentler auditoriyasınan ibarat bolıp qoymay, kerisinshe auditoriyadan da tısqarı sırtqı dúnya menen baylanıslı bolǵan ayrıqsha álemdi jaratadı. Búgingi kúnde kóp insanlar shet tilin úyreniw ushın kóp waqıt jumsaydı, lekin olar kommunikativlik kónlikpelerdi ámeliyatda islete almay qıynaladı. CLIL-texnologiyası bolsa tálimde rásmiy qabıl etilgen shet tilin oqıtıwǵa jaqsı juwap bermegen oqıwshılardı jáne de keń sheńberde pikirlewge baǵdarlaydı hám usınıń menen birge olardıń ózine bolǵan qızıǵıwshılıǵın arttıradı.

Britaniyalı lingvist alım D. Graddol (David Graddol) CLIL texnologiyasınan paydalanıw studentlerge shet tilin ózlestiriw dárejesin júdá joqarıǵa kóteriw imkaniyatın beredi, dep esaplaydı. Onıń pikirinshe, úyrenilip atırǵan pándi ózlestiriw ushın shet tilin joqarı dárejede biliw zárúr esaplanbaydı. Biraq, CLIL túsiniginiń talıqlawǵa salıstırǵanda bunday usıl qattı sın pikir astına alınǵan. Sonıń menen birge, shet tilin, atap aytqanda, inglis tilin tiykarǵı kónlikpe (Core skill), dep esaplaydı, sebebi onı ózlestiriw studentlerge baylanıs kónlikpelerin rawajlandırıw imkaniyatın beredi [2]. CLIL- bul didaktikalıq usıl bolıp, studentlerge ulıwma tálim bilimleri hám kónlikpelerin rawajlantıratuǵın hám oqıw sharayatında ózleri ushın ana tili emes shet tilindegi lingvistikalıq hám kommunikativlik kompetenciyalardı qáliplestiriwge múmkinshilik beredi.

CLIL texnologiyası tiykarında úyreniwshi ob'ektte keńeytirilgen hám integraciyalanǵan halda kommunikativ kónlikpeleri qáliplesedi. Úyrenilip atırǵan temanı bir waqıttıń ózinde shet tilinde hám óz ana tilinde ózlestiriw sıyaqlı eki maqsetti ámelge asıradı.

Bunday texnologiyalar úyreniwshiniń qızıǵıwshılıqların hám de biliwge hám úyreniwge bolǵan qızıǵıwshılıǵın asıradı. Bul texnologiya tiykarında kitap hám gúrriń oqıwımız, fil'm kóriwimiz , qosıq esitiwimiz hám basqa da kúndelikli turmısımızda inglis tiline baylanıslı bolǵan hár bir jańa nárselerdi úyreniwimiz múmkin. Yaǵnıy kitap yamasa informaciya tekstin oqımaqshı bolsa shet tilindegi kishi gúrriń yaki waqıyanı dáslepki eki qatarın oqıp baslawı nátiyjesinde dóretpe oqıw imkaniyatın beredi hám de shet tilin úyreniw uqıplılıǵın asıradı. Sol tiykarında jańa tema boyınsha, atap aytqanda, qániygelik pánine tiyisli jańa leksikalıq sózlerdi, tarawlıq terminlerdi hám basqa jónelislerde maǵlıwmatqa iye boladı. Bunnan tısqarı jańa maǵlıwmat izlew, jaratıw, maǵlıwmattı oqıy alıw, esitiw, túsiniw hám kásiplik pikir júritiw kónlikpeleri qáliplesedi.

CLIL texnologiyasında taǵı bir alǵa súrilip atırǵan ideyalardıń biri bul passiv sózlerdi aktivlestiriw, yaǵnıy aktiv sózler qatarına alıp shıǵıw bolıp tabıladı. Hár bir paydalanatuǵın sóz oqıwshı tilinde passiv sózlik emes, al aktiv sózlik jaǵdayında saqlanıwı kerek. Sebebi, aktiv sózler jámiyet aǵzaları, sóyleytuǵın hám tıńlawshı sóylewinde tez-tez paydalanıladı hám de aktiv sóz retinde barlıq ushın túsiniw hám paydalanıw ózgesheligine iye boladı. Mısalı, biz kúndelikli turmıs sharayatında til úyreniwde qansha kóp isletiletuǵın sózlerimizdi shet tildegi variantın jazsak, baylanısta paydalansaq, ol til haqqındaǵı bilimlerimizdiń asıp barıwı menen birgelikte kásiplik úyreniw kónlikpemizde de qáliplesip baradı. Usınday

sebeplerge tiykarlanıp, CLIL texnologiyası da usı boljawdı ilgeri súredi [3].

CLIL texnologiyası inglis tilinde basqa pánlerdi úyreniwdi, mısalı, awıl xojalıǵı tálim baǵdarında ótiletugın qániygelik pánlerdi úyreniw quralı retinde kórip shıǵıladı hám sonıń menen birge studentlerdiń úyreniwge bolǵan zárúrligin, inglis tilindegi qániygelik atamalardı biliwin qáliplestiredi, olarǵa kásiplik baylanısta óz qábiletlerin qayta kórip shıǵıw hám rawajlandırıwǵa múmkinshilik beredi.

Mısalı, awıl xojalıǵı tálim baǵdarı studentleriniń qániygelik pánleriniń biri bolǵan «Haywanatlar salıstırma anatomiyası» ámeliy páninde CLIL texnologiyası iskerliginen paydalanıwdıń tómendegi mısallar menen keltiriw múmkin:

Birinshiden: haywanatlar denesin inglis tilinde úyreniwdi aktivlestiremiz. Studentler 3 toparǵa bólinedi. Hár bir topar ushın stikerler menen jabıstırılǵan úlken qaǵaz tarqatıladı. Stikerler arqasında qanday da bir haywan denesindegi organlardıń fotosúwreti jasırılǵan boladı. Qaǵazdıń ortasında sorawlar hám atamalar kórsetiledi. Topardıń hár bir aǵzası sorawǵa juwap beredi yamasa sózlerdiń mánisin inglis tilinde túsindirip ótedi hám hár biri bir stikerden alıp taslaydı. Barlıq sorawlarǵa juwap berip, studentler denege sahnalıq kórinis (role play) retinde qońıraw etiwleri, onıń iskerligi hám haywanat denesindegi hár bir organnıń atqaratuǵın xızmeti haqqında sóylep beriwleri kerek boladı. Bul arqalı studentlerdiń kásiplik sóylew kónlikpeleri rawajlanadı.

Ekinshiden: "Ishki hám sırtqı sheńber" di aktivlestiremiz. Bunda studentler S1→S2 bir-birine inglis tilinde kórsetilgen tema boyınsha sorawlar beredi. Keyin eki sheńber ishki hám sırtqı sheńber payda etedi. Studentler bir-birine S1←S2 qarama qarsı keledi hám sorawlar beredi. Sırtqı sheńberdegi studentler háreketlenip, jańa kishi toparlardı yaǵnıy sheriklik toparların (pair work) payda etedi, sorawlar menen birdey jumıs islew dawam etiledi.Bundaǵı maqset hár bir topar aǵzaların aktiv qatnastırıp hám óz pikirin jetkiziwdi ásirese bir biri menen pikir almasıwdı(sharing ideas) úyretiw bolıp tabıladı. CLIL texnologiyası tildi úyreniwge ulıwma jańa jantasıwdı talap etedi. Házirgi waqıtta tálimde CLIL texnologiyası birinshi náwbette studentlerdiń kásiplik til baylanıs kónlikpesin jáne de rawajlandırıw ushın qollanıwdı usınıs etildi. Házirgi kúnde bul texnologiya tálimniń ajıralmas bir bólegi bolıp esaplanadı hám de inglis tilin keń nátiyjeli qollanıwdı ámelde payda ete basladı. CLIL texnologiyası tómendegilerdi óz ishine aladı. Jańalanǵan quramında oqıtıwshılar hám studentlerdiń jeke (individual), sheriklik (pair) , topar (group work) hám dóretiwshilik iskerligine itibar qaratıw ushın materiallardı durıs tańlaw hám sabaqtı shólkemlestiriwdiń túrli formalarınan paydalanıwları kerek. CLIL texnologiyası tiykarında sabaq ótiwdiń jáne bir abzallıq tárepleri:

1) studentlerge shet tilinen paydalanǵan halda bir-biri menen jáne de nátiyjeli ushırasıw imkaniyatın beredi;

2) studentlerdiń mádeniyatlararalıq bilimlerin keńeytiredi;

3) hár qanday sharayatta shet tilinde kásiplik sóylew kónlikpelerin rawajlandıradı;

4) pikirlewdi rawajlandıradı hám studentlerdiń dóretiwshilik potencialın kóteredi;

5) studentlerdiń motivaciyasın hám ózine bolǵan isenimin asıradı;

6 ) barlıq til kónlikpelerin úyretedi;

7) til qábiletin hám tábiyiy sóylew qábiletin jaqsılaydı;

8) túrli tillerge bolǵan qızıǵıwshılıqtı rawajlantıradı, olardan turmıstıń túrli tarawlarında paydalanıwdı úyretedi;

9) qosımsha oqıw saatların talap etpeydi [4].

Juwmaqlap aytqanda, awıl xojalıǵı tálim baǵdarı studentleriniń qániygelik pánlerin, eger olar CLIL texnologiyasına tán bolǵan aktiv, sherikliktegi hám kommunikativlik usıllar sheńberinde júzege kelse, studentler ushın bir qansha qızıqlı hám nátiyjeli boladı. Awıl xojalıǵı tálim baǵdarı studentleriniń kommunikativlik kompetentligin qosımsha shet tili kónlikpeleri tiykarında qáliplestiriw, házirgi kúnde dún'ya tili dárejesine kóterilip atırǵan inglis tilin mámleketlik joqarı oqıw orınlarında jáne de keńnen úyrenilinip, nátiyjeni ámelde kásiplik baylanısta qollanıwına sebep bolsa úlken jetiskenliklerdiń biri bolar edi.

**Ádebiyatlar**

1. Janonova S. History and activation of agricultural terms. Трансформація суспільних наук: соціально-економічний, лінгвістичний, політичний таіt-виміри. 2021.

2. Norquzieva Z.K. CLIL texnologiyasi asosida bo‘lajak muxandis- texnologlarning kasbiy muloqot kompetenciyasini rivojlantirish. Avtoreferat ped… fan bo‘yicha fal…dok. (PhD). – Toshkent: 2022.

3. Qurbonova.M.F. CLIL-zamonaviy yondashuv sifatida «Raqamli texnologiyalar davrida tillarni intensiv oqitishning psixologik pedagogik jihatlari respublika ilimiy-amaliy anjuman. –Toshkent: 2023.

4. Coyle D., Marsh D. & P. Hood. Content and Language Integrated Learning. Cambridge: Cambridge University Press. 2010.

**REZYUME.** Ushbu maqolada qishloq xo‘jaligi ta'lim yo‘nalishidagi talabalarning zamonaviy ingliz tilida kasbiy aloqa ko‘nikmalarini rivojlantirishda CLIL texnologiyasidan foydalanishning afzalliklari haqida fikr yuritilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В этой статье рассматриваются преимущества использования технологии CLIL в развитии профессиональных коммуникативных навыков на современном английском языке студентами сельскохозяйственного образования.

**SUMMARY.** This article discusses the benefits of using CLIL technology in developing the communication skills of young agricultural education students in presents classrooms.

## INFORMATIKA PÁNIN OQITIWDA QOLLANILATUǴIN INTERAKTIV PROGRAMMALAR HÁM WEB-SAYTLARDIŃ ABZALLIQLARI

**A.Orinbayeva** – *tayanısh doktorant*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** interaktiv ilovalar, veb-saytlar, o‘qitish, dasturlash tillari.

**Ключевые слова:** интерактивные приложения, веб-сайты, обучать, языки программирования.

**Key words:** interactive applications, web site, teaching and programming languages.

Búgingi kúnde dástúriy sabaq ótiw procesi bilim alıwshılardı biraz zeriktirip qoyǵanlıǵı sebepli, bilimlendiriw sistemasında dástúriy emes usıllardan paydalanıw nátiyjeli ekenligin informatika pánin oqıtıwda qollanılatuǵın interaktiv metodlardan da kórsek boladı. Sebebi, bilimlendiriwde informacion texnologiyalardı qollaw oqıw procesin ańsatlastıradı hám oqıtıwshı iskerligine unamlı tasir kórsetedi, ámeliyatqa kóbirek itibar beriledi.

Interaktiv-programma hám web-sayt arasındaǵı ózgeshelik onıń funkcionallıǵı hám maqsetinde bolıp tabıladı. Web-sayt, birinshi náwbette, paydalaniwshilarǵa maǵlıw-